# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–09 जुलाई 2024** **भोजपुरी समाचार**

हाथरस भगदड़ मामिला में बिसेस जांच दल क रिपोर्ट अइले के बादे प्रदेस सरकार छौ गो अधिकरियन के निलम्बित कइ दिहले हवे। बिसेस जांचि दल आजु आपन रिपोर्ट दाखिल कइलस, जेहमें कहल गइल हौ कि घटना के पाछे आयोजकन क लपरवाही खास कारण हवे। एसआईटी के रिपोर्ट के आधार पर हाथरस जिला क एसडीएम, सीओ अउर तहसीलदार के ले के छौ जने के निलम्बित कइ दिहल गइल हौ।

आकाशवाणी संवाददाता बतवलें कि एसआईटी स्थानीय प्रसासनों के जिम्मेवार ठहरवले हवे। दुइ सदस्यीय एसआईटी ईहो कहले हवे कि साजिस से मिनहां नाहीं कइल जा सके ला, बाकिर गहराई से जांचि क जरूरति हवे। एसआईटी अपने रिपोर्ट में कहले हवे कि कार्यक्रम आयोजक भीड़ि खातिर पुरहर इंतिजाम नाहीं कइले रहलें। एसआईटी दुइ, तीनि अउर पांच जुलाई के घटना स्थल क दौरा कइलस अउर करीब एक सौ पचीस लोगिन से पूछताछ कइ के आपन रिपोर्ट दरज कइलस। रिपोर्ट के आधार पर सरकार सिकंदरा राऊ क एसडीएम, तहसीलदार, सर्किल ऑफिसर, एसओ आ दुइ गो अउरियो पुलिस अधिकरियन के निलम्बित कइ दिहलस।

**********

प्रदेस में करीब सज्जो जिलन में रूकि–रूकि के हो रहल बरखा अउर अलगि–अलगि बैराजन से पानी छोड़इले के नाते कई गो नदियन क जलस्तर खतरा के चीन्हा से उप्पर पहुंचि गइल हौ। केन्द्रीय बाढ़ नियंत्रण कक्ष के हिसाबि से गंगा नदी बदायूं अउर शाहजहांपुर में, शारदा– लखीमपुर खीरी, राप्ती– श्रावस्ती अउर बलरामपुर, बूढ़ी राप्ती– सिद्धार्थनगर अउर कुवानों– गोण्डा में खतरा के चीन्हा से उप्पर बहि रहल हवे।

अजोध्या में सरजू क जलस्तर हर घंटा एक सेंटीमीटर के रफ्तार से बढ़ि रहल हौ। ओहां सरजू क जलस्तर खतरा के चीन्हा से खाली तीनि सेंटीमीटर निच्चे रहि गइल हौ।

बस्ती जिला में नेपाल से पानी छोड़इले के नाते घाघरा क जलस्तर बढ़ले से दरजन भर गांवन में फसिलि बाढ़ि के पानी में बूड़ि गइल हवे। पीलीभीत में शारदा नदी क जलस्तर बढ़ले से जिला में सड़कि अउर रेल पटरी टूटि गइले से आवाजाही बाधित भइल हवे। गांव से ले के सहर, कसबा तक ले जलभराव भइल हौ। ओहां बाढ़ि बचाव खातिर एयरफोर्स के लगावल गइल हवे। आजु भिन्नहीं एयरफोर्स क जवान हेलीकॉप्टर से बाढ़ि में फंसल पांच जने के सुरक्षित निकरले में सफलता पवलें।

मेरठ के मवाना तहसीलि के हस्तिनापुर से चांदपुर–बिजनौर के जाये वाला राहि क्षतिग्रस्त भइले अउर गंगा नदी के तेज बहाव से बाधित भइले के नाते बन्द कइ दिहल गइल हौ। ओहां लग्गे के गांवन में अलर्ट जारी कइ दिहल गइल हौ। लखीमपुर खीरी जिला के पलिया, धौरहरा, निघासन, गोला के ले के कई गो इलाका जबरजस्त बाढ़ि के चपेटा में हवे। ओहर प्रदेस क राहत आयुक्त जनकारी दिहले हवें कि लगतारे हो रहल बरखा अउर नदियन के जलस्तर में हो रहल बढ़ोत्तरी के नाते नेपाल सीमा से सटल भारतीय इलाकन में एनडीआरएफ, एसडीआरएफ अउर पीएसी के राहत–बचाव कार बदे तैनात कइल गइल हवें। पहिली बेरि अइसन भइल हवे कि बाढ़ि से बचाव बदे नेपाल सीमा पर त्रिस्तरीय इंतिजाम कइल गइल हवे। बाढ़ि के हालति पर नजरि रक्खे खातिर प्रदेस क जलसक्ति मंत्री स्वतंत्रदेव सिंह आजु श्रावस्ती अउर बलरामपुर क दौरा कइलें। येह दौरान उहां के अधिकरियन के साथे समीक्षा बइठकी कइ के हालति पर नजरि रखले अउर पीड़ितन के राहति पहुंचवले क निरदेस दिहलीं।

**********

प्रदेस सरकार कांवड़ यात्रा के बारे में दिसा–निरदेस जारी कइ के हथियारन के परदरसन पर रोकि लगवले हवे। सरकार के दिसा–निरदेस के हिसाबि से बाइस जुलाई से सुरू हो के ओन्नइस अगस्त ले चले वाला कांवड़ जतरा के दौरान डीजे अउर धारमिक गाना तय सीमा के भित्तर बजावल जाई। डीजीपी प्रशान्त कुमार बतवलें कि जतरा के देखत यातयात व्यवस्था में बदलाव कइल गइल हौ। जतरा सुरू होखे वाले राहि पर भारी वाहनन के प्रवेस पर रोकि रही। एकरे अलावा एक्कइस जुलाई के आधी राति से दिल्ली एक्सप्रेस–वे, देहरादून एक्सप्रेस–वे अउर चौधरी चरण सिंह कांवड़ राहि पर भारी वाहनन के प्रवेस पर रोकि रही। कांवड़ियन के भाला, त्रिसूल आ कउनों तरह क हथियार ले के न चलले क सलाहि दिहल गइल हवे। कांवड़ जतरा राहि पर डीजे बजवले पर कउनों रोकि नाहीं होई, बाकिर आवाज सुप्रीम कोर्ट के निरदेसन के हिसाबि से तय सीमा के भित्तर होखे के चाही। जतरा राहि पर सराब अउर मांस क दोकानि बन्न रही।

**********

प्रदेस में अलगि–अलगि भइल सड़कि दुरघटना में आठ जने मउति भइले अउर आधा दरजन से बेसी लोगिन के घाही भइले क खबरि हौ। हरदोई जिला के माधोगंज थान्हा इलाका के शेखपुरा गांव में सवारियन से भरल एगो प्राइबेट बस बेकाबू हो के सड़कि किनारे बनल एगो झोपड़ी में धुसि गइल, जेकरे नाते चारि जने क मउति हो गइल जबकि आधा दरजन लोगि घाही हो गइलें। एहमें से तीनि जने क हालति गम्हिराहे बनल हवे। ओहवां क जिलाधिकारी मंगला प्रसाद सिंह बतवलें कि बस के बेकाबू भइले क कारण स्टेयरिंग क फेल भइल हवे। औरैया जिला क अजीत मल्ल कसबा में हाइवे के किनारे एगो कंटेनर कार के ठोकरिया दिहलस, जेहसे कार सवार दुइ लोगिन क मउति हो गइल आ दुइ जने घाही हो गइलें। ओहर लखनऊ–बलिया राजमार्ग पर एगो ट्रक पलटि गइल, एकरे चपेटा में आ के दुइ गो लइकन क मउति हो गइल अउर उनकर मां–बाप गम्हिराहे घाही हो गइलें।

**********